
PlusOne

# Rodza Pfungwa ChiShona

Bhuku remudzidzisi

Heritage-Based Curriculum
HBC
MOPSE APPROVED

ECD A



Chenai D. Masama

PlusOne

# Rodza Pfungwa ChiShona

## ECD A

Bhuku romudzidzisi

SECONDARY BOOK PRESS
Anchors of the schools curricula

**Published by:**
Secondary Book Press Private Limited
4th Floor, CABS Centre Building,
Cnr Jason Moyo & 2nd Street,
Harare, Zimbabwe
Tel: +263 242 771 406 | +263 242 753 201
Mobile: +263 712 560 870 | +263 788 954 870
Email: sales@secondarybookpress.co.zw
Website: www.secondarybookpress.co.zw

PlusOne **Rodza Pfungwa ChiShona | ECD A - Bhuku romudzidzisi**

**ISBN:** 978-1-77932-155-8

First Published in 2025

Copyright: Secondary Book Press

Editor-in-Chief: Munyaradzi Gunduza
Development Editor: Reggies Chapwanya
Design and text layout: Nesbert T. Gotekote

Every effort has been made to trace the copyright holders. In the event of unintentional omissions or errors, any information that would enable the publisher to make the proper arrangements will be appreciated.

All rights reserved. No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without prior permission of the copyright owner.

# Zviri mukati

**Chikamu 1: Nzwisiso** ..... 1
Ini ..... 1
Mhuri yedu ..... 1
Shamwari dzangu ..... 2
Kutsanangura mifananidzo ..... 3
Kuverenga kubva kumusoro kuenda kuzasi ..... 7
Kuverenga kubva kuruboshwe kuenda kurudyi ..... 8
Mabatirwo ezvinyoreso ..... 8
Kunzwisisa mabatirwo ezvinyoreso ..... 10
Kunyora ..... 10
Chikoro changu ..... 12
Kunyora ..... 13
Batanidza ..... 15
Mapateni ..... 15

**Chikamu 2: Kushandisa mutauro** ..... 17
Kwaziso neshamwari ..... 17
Nguva dzezuva ..... 18
Kwaziso ine rukudzo ..... 18
Kutaura zvakanaka ..... 19
Wirirano yezita nechiito ..... 20
Mazwi anoshandiswa kubatanidza mazita/mitsara ..... 20
Kuverenga ..... 21
Mudzidzisi wangu ..... 22

**Chikamu 3 Maumbirwo emutauro** ..... 23
Kudoma mazita ezvinhu zvekuchikoro ..... 23
Kusiyana kwemifananidzo ..... 24
Kutsanangura kusiyana kwemifananidzo ..... 25
Chinhu chiripai/papi? ..... 27
Kutsanangura mifananidzo ..... 28
Mazita emhuka dzepamba ..... 28
Midziyo yepamba ..... 29
Midziyo yekuchikoro ..... 30
Mazwi ekuita ..... 30

**Chikamu 4: Nhau, nyaya nengano ... 32**
Nyaya yekubatsirana ... 32
Taura zviri kuitika ... 33
Ngano ... 33
Nyaya ... 35
Ruvara ... 36

**Chikamu 5: Tsika nemagariro ... 37**
Zvokudya (zvirimwa zvemuZimbabwe) ... 37
Zvokudya (michero yemuZimbabwe) ... 38
Michero yemusango ... 38
Midziyo yekare ... 39
Chii ichi? ... 42
Kupatsanura mazwi evanhu ... 42
Chiso changu ... 43
Zviitiko zvinofadza ... 44
Zviitiko zvisingafadzi ... 45

# Chikamu 1 Nzwisiso

## Ini

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura zita rake rizere.
b kukara munhu akafanana naye.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 1**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevakomana nevasikana.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anobatsira vana kuimba nziyo dzemufaro.
- Murairidzi anotsanangura kuti vana vachadzidza pamusoro pezvavari sokuti uri mukomana here kana musikana uye kudoma mazita avo.
- Vadzidzi vanodoma mazita avo, zera ravo uye kwavanogara.
- Vana vanodoma nokunongedza munhu akafanana naye pamufananidzo.
- Vana vanokara munhu akafanana navo.

## Mhuri yedu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura mazita evanhu vatatu mumhuri mavo.
b kutaura mutupo wavo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 2**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yemhuri dzavo.
- Mifananidzo yemhuri pachati.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba rwiyo runotaura zvemhuri.
- Murairidzi anoudza vana kuti vachadzidza pamusoro pemhuri uye kune mhuri dzakasiyana siyana dzimwe dzingori naamai nababa nevana asi dzimwe mhuri dzina tete, sekuru, ambuya uye babamukuru.
- Vadzidzi vanotaura mazita evanhu vari mumhuri mavo.

# Shamwari dzangu

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma zita reshamwari yake.
b. kukara mufananidzo nemazvo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 2** .
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevana varikutamba mitambo yakasiyana-siyana vari mumapoka. zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi nevana vanoimba 'Pahushamwari wedu tega tega hedu.'
- Murairidzi anodoma zita reshamwari yake.
- Vadzidzi vanodoma mazita eshamwari dzavo.
- Vadzidzi vanodoma mitambo yavanofarira pamwechete neshamwari dzavo vobva varatidza matambirwo anoitwa mutambo wacho.
- Vadzidzi vanokurukura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzisi vanokara mufananidzo sezvakaratidzwa pamusoro.

# Shamwari dzangu

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura mazita eshamwari dzavo.
b kutaura nyaya pamusoro pemufananidzo wakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 4**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevana vari kutamba.
- Zvisi
- Motokari dzokutambisa.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anobatsira vana kuimba "pahushamwari hwedu".
- Murairidzi anoudza vadzidzi kuti vari kudzidza pamusoro peshamwari dzavo.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti tinofanira kutamba nemunhu wese zvisinei kuti ane mitezo yemuviri yavo isingashande sezvinoita yevamwe sokuti havaone, havanzwe kana kuti havakwanise kufamba pasina wheelchair kana tsvimbo.
- Vadzidzi vanodoma mazita eshwamwari dzavo uye mitambo yavanofarira kutamba.
- Vadzidzi vanotaura nyaya pamusoro pemufananidzo wakapihwa.
- Vadzidzi vanotamba nezvidhori zvakapihwa.

# Kutsanangura mifananidzo

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma ruvara rwemashizha emiti.
b kudoma ruvara rwemotokari.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 5**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Miti
- Motokari
- Mifananidzo yemiti nemotokari.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba rwiyo rwavanoda.
- Murairidzi anoenda nevadzidzi panze vonoona miti, maruva, dzimba uye motokari.
- Vadzidzi vaotaura ruvara rwezvinhu zvavari kuona.
- Vadzidzi vanotaura pamusoro pemufananidzo uri mubhuku mavo.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinoenderana nemifananidzo.

## Kutsanangura mifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma mazita emifananidzo mitatu iri mubhuku ravo.
b. kunamira mufananidzo wedare.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 6**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo wembudzi, imbwa, ngoma, dare uye huku.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi nevana vanoimba rwiyo rune ruzha.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zvinoita ruzha.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira dare kubva kupedzi yezvinamirwa.
- Vadzidzi vanoita ruzha rwechinhu /mhuka imwe neimwe iri pamifananidzo.

## Kutsanangura mifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kuita ruzha runoitwa nemombe.
b kupedzisa mutumbi wemombe wakanyorwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 7**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yemombe.
- Zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anoimba rwiyo runotaura nezvemhuka.
- Vadzidzi vanodoma mhuka dzavanoziva.
- Vadzidzi vanotaura zitaVadzombe uye kuita ruzha runoitwa nemombe.
- Vadzidzi vanodoma zvatinowana pamombe sokuti mukaka, nyama uye matehwe.
- Vadzidzi vanopedzesa mufananidzo wemombe.

## Kutsanangura mifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura mazita ezvinhu zvina zviri pamifananidzo.
b kunamira mufananidzo weshumba.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 8**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yemhuka dzemusango.
- Mugoti
- Mufananidzo wetsime/mugodhi.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anobatsira vadzidzi kuimba "dudu muduri".
- Vadzidzi vadzidze zvataurwa murwiyo.
- Vadzidzi vataura mazita emhuka dziri pamifananidzo uye zvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo weshumba.
- Vadzidzi vanoita ruzha rwemhuka iri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura zvinoshandiswa migoti uye mugodhi.
- Vana vanoimba nziyo.

# Kutsanangura mifananidzo

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma mazita ezvinhu zvitatu zviri pamifananidzo.
b kutaura mabasa ezvinhu zvose zviri pamifananidzo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 9**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Maruva
- Bhazi
- Mombe
- Hosho
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navana vanoimba rwiyo.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura mabasa azvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoisa ruvara pamifananidzo yakapihwa.

# Kutsanangura mufananidzo

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma zviridzwa zvitatu.
b kuridza zviridzwa zviviri zvakanaka.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 10**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Gitare, ngoma, hosho, mbira, marimba uye bhero.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murariridzi anoimba rwiyo pamwe chete navadzidzi.
- Vadzidzi vanodoma zviridzwa zvavanoziva.
- Vadzidzi vanotaura kuti zviidzwa izvi zvinoridzwa sei.
- Vadzidzi vanoridza zviridzwa vachiimba nziyo dzakasiyana-siyana.

# Kuverenga kubva kumusoro kuenda kuzasi

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kuverenga vachibva kumusoro vachienda kuzasi.
b kuisa ruvara pamufananidzo vachitevedzera mufananidzo wakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 11**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevadzidzi varikuenda kuchikoro, zvinyoreso, mabhuku uye nguwo dzechikoro.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anoimba nziyo dzekudzidza pamwechete nevadzidzi.

- Vadzidzi vanotaura kwavanodzidza uye zita remudzidzisi wavo.
- Vadzidzi vanotaura pamusoro pemifananadzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanotevera mugwagwa nechinyoreso kubva kumusoro kuenda kuzasi.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo sezvakaitwa pamusoro.
- Vadzidzi vanokurukura zvavaofarira pachikoro pavo.

## Kuverenga kubva kuruboshwe kuenda kurudyi

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kusimudza ruoko rwekurudyi.
b kunanganidza mifananidzo inoenderana kubva kuruboshwe.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 12**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yemhukanevanhu.
- Zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navana vanoimba dudu muduri vachidoma mazita emhuka.
- Vadzidzi vanodoma mhuka dzavanoziva.
- Vadzidzi vanoteedzera ruzha runoitwa nemhuka.
- Murairidzi anotsanangura mativi anoti kurudyi nekuruboshwe.
- Vadzidzi vanosimudza maoko avo vachiratida ruboshwe.
- Vadzidzi vanosimudza ruoko rekurudyi.
- Vadzidzi vanodoma zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo zvakanaka.
- Vadzidzi vanobatanidza mifananidzo inoenderana uchibva kuruboshwe.

## Mabatirwo ezvinyoreso

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kubata chiyoreso zvakanaka.
b kukara mufananidzo sezvakaitwa pamusoro.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 13**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvinyoreso, mapepa ekunyorera.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anobatsira vadzidzi kuimba rwiyo rwekudzidza.
- Vadzidzi vanotaridza rutivi rweruboshwe.
- Vadzidzi  vanotaridza rutivi rwekurudyi.
- Murairidzi anoratidza vadzidzi mabatirwo akanaka anoitwa chinyoreso.
- Vadzidzi vanodzidzira kubata chinyoreso uye votaura kuti varikunyora vachishandisa ruoko rwupi.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo sezvakaita mufananidzo uripamusoro.
- Vadzidzi vanonyora pasi kubva kuruboshwe vachienda kurudyi.
- Murairidzi anobatsira vadzidzi kunyora.

# Kunyora zvaunoda

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunyora kubva kumusoro kuenda kuzasi.
b kunyora zvinooneka.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 14**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba dudu muduri.
- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza pamusoro pekunyora.
- Vadzidzi vanoratidzira manyorero akanaka.
- Murairidzi anobatsira vana kunyora mumhepo kubva kumusoro vachienda kuzasi.

- Murairidzi anoudza vadzidzi kuti vanyore zvavanoda mubhuku mavo.
- Vadzidzi vanonyora zvavanoda mumabhuku avo.

## Kunzwisisa mabatirwo ezvinyoreso

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunyora mapeteni mumavhu.
b kupedzisa mapeteni akanyorwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 15**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvinyoreso.
- Chati rakanyorwa mapeteni.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza pamusoro pekunyora.
- Murairidzi anobatsira vana kutaura ruboshwe nerudyi.
- Vadzidzi vanotaura kuti vanonyora vachibva kupi vachienda kupi.
- Vadzidzi vanoyora mapeteni mumavhu.
- Vadzidzi vanopedzesa mapeteni akapihwa mumabhuku avo.

## Kunyora

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kupedzisa mifananidzo yakanyorwa.
- kudoma zvakanyorwa pamifananidzo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 16**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Chati rakanyorwa mapeteni.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi nevana vanoimba nziyo dzemufaro.
- Vadzidzi vanosimudza chinyoreso chakaiswa kurudyi.
- Vadzidzi vanoratidza chinyoreso chirikuruboshwe.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni mumhepo.
- Vadzidzi vanodoma zviripamifananidzo.
- Vadzidzi vanopedzesa mapeteni akapihwa mumabhuku avo.

## Kunyora

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kunyora zvichibva kumusoro zvichienda kuzasi.
b. kunongedza kumusoro.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 17**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvinyoreso
- Mapepa ekunyorera.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba nziyo vachinongedza mativi akasiyana.
- Vadzidzi vanonongedza divi rinenge rataurwa nomurairidzi.
- Vadzidzi vanonyora kubva kumusoro vachienda kuzasi mumhepo.
- Vadzidzi vanotevedzera nzira irimubhuku nechigunwe vachitangira kumusoro vachidzika pasi.
- Vadzidzi vanokara nzira zvakaitwa pamusoro.

## Chikoro changu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura zvita rechikoro chavo.
b kutaurwa zvinoitwa pachikoro.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 18**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Chikoro chenyu.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba rwiyo runotaura nezvedzidza.
- Vadzidzi vanodoma zita rchikoro chavo.
- Vadzidzi nomurairidzi vanofamba vachiona chikoro chavo vachitaura zvavari kuona.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pezvinoitwa pachikoro.
- Vadzidzi vanokara chikoro.

## Chikoro changu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kuvhura mabhuku vakamabata zvakanaka.
b kuisa ruvara pamifananidzo seyakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 19**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mabhuku ekunyorera neekuverenga.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba kambo 'hande kuchikoro'.
- Vadzidzi vodoma zita rechikoro chavo.
- Vadzidzi vanotaura gwaro ravo redzidzo uye zita remurairidzi wavo.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pemifananidzo yavari kuona mubhuku mavo.
- Vadzidzi vanotaura zvinoitwa pachikoro.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakapihwa mubhuku mavo.

# Kunyora

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutevedzera mapeteni akanyorwa.
b kutaura kuti vanonyora vachibva kuruboshwe vachienda kurudyi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 20**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Chati remapeteni.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachinongedzera kurudyi nekuruboshwe.
- Murairidzi anoratidza vadzidzi kunyora mumhepo kubva kuruboshwe kuenda kurudyi.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni mumhepo.
- Vadzidzi vanonyora mapeteni mumabhuku avo vachitevedzera akapihwa.
- Vadzidzi vanonoyora mapeteni vachibva kwakaiswa dodzi.

# Kunyora

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunyora mavara akapihwa vachibatanidza madodzi.
b kutenderedza zambiringa munyemba pachikwata choga choga chakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera peji 21.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvinyoreso
- Makadhi akanyorwa mavara.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachitamba.
- Vadzidzi vanotaura mavara akapihwa.
- Mudzidzisi anotsanangura kubatanidza mavara.
- Vadzidzi vanonyora vachibatanidza mavara.
- Vadzidzi vanoita chidzidzo chezambiringa munyemba.
- Murairidzi anobatsira vana kuti vanyore mavara zvakanaka.

# Kunyora

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kunyora chisipo patafura.
b. kudoma zvisipo pamifananidzo yakapihwa.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 22**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Matafura. Zvigaro. kapu, poto isina mubato.
- Zvinyoreso.
- Mifananidzo yekumeso isina maziso, nzeve kana muromo.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzivanotamba vachiimba.
- Murairidzi anotsanangurira vana kuti dzimwe nguva pane mitezo yezvinhu inotyoka inokwanisa kugadzirika kana kusagadzirika.
- Vadzidzi vanotaura mazita ezvinhu zvairipo.
- Vadzidzi vanotaura nokukurukura kuti chii chisipo.

- Vadzidzi vanotaura chisipo pamufananidzo wetafura.
- Vadzidzi vanoisa gumbo risipo patafura.
- Vadzidzi vanokara tafura sezvakaita iri pamusoro.

## Batanidza

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kubatanidza zvinhu zvakafanana zvitatu.
b kunamira mufananidzo wemotokari.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 23**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yemiti, moto, motokari uye mabhora.
- Mabhora akafanana, motokari uye miti.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoombera maoko vachiimba rwiyo.
- Murairidzi anoudza vadzidzi kuti nhasi vachachidza pamusoro pekunanganidza zvakafanana.
- Vadzidzi vanodoma zvakafanana pazvinhu zviripo uye vozviisa mumapoka nokufanana kwazvo.
- Vadzidzi vankurukura mananganidziro avaita zvinhu.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wemotokari uri pa**peji 14-17** yezvinamirwa.
- Vadzidzi vanonanganidza zvakafanana.

## Mapeteni

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi,  vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kupedzisa mapeteni akapihwa.
b kutevedzera mapeteni kubva kuruboshwe vachienda kurudyi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 24**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Chati remapeteni.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba rwiyo.
- Vadzidzi vanonyora mapateni mumhepo.
- Vadzidzi vanotevedzera mapeteni nechigunwe.
- Vadzidzi vanopedzesa mapeteni akanyorwa.
- Murairidzi anobatsira vadzidzi kunyora mapeteni.

# Mapeteni

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

- kupedzisa mapeteni akanyorwa.
- kutevedzera mapeteni kubva kuruboshwe vachienda kurudyi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 25**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Chati remapeteni.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba rwiyo vachiombera.
- Vadzidzi vanonyora mapateni mumhepo kubva kuruboshwe vachienda kurudyi.
- Vadzidzi vanotevedzera mapeteni nechigunwe.
- Vadzidzi vanopedzesa mapeteni akanyorwa.
- Murairidzi anobatsira vadzidzi kunyora mapeteni.

Chikamu 2

# Kushandisa mutauro

## Kwaziso neshamwari

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kuratidza makwazisaniro avanoita neshamwari dzavo.
b kukwazisa shamwari mangwanani uye masikati.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 26**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yezuva nemwedzi.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anoimba rwiyo runoti 'kwayedza mumoyo mangu'.
- Murairidzi anotsanangurira kuti vadzidzi vachataura pamusoro pekukwazisana kwavanoita nguva dzakasiyana dzezuva.
- Vadzidzi vanotaura kuti kunze kunoyedza nguvai.
- Vadzidzi vanotaura nokuratidzira makwazisiro avanoita shamwari dzavo mangwanani, masikati uye manheru.
- Vadzidzi vanodaira mushure mekunge vakwaziswa.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa.

## Nguva dzezuva

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura nguva dziri pamifananidzo.
b kukara mifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 27**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo wezuva, mwedzi nenyeredzi.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nguva.
- Vadzidzi vanotaura nguva dzdzuva nemwedzi dzavanoziva.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pemifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanokurukura zvinoitwa uye mabasa anoitwa mangwanani, masikati uye manheru.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa mumabhuku avo.

## Kwaziso ine rukudzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kukwazisa vakuru zvine rukudzo.
b kukara mifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 28**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yasekuru, ambuya, mukomana uye musikana. Zvinyoreso zvineruvara rwakasiyana-siyana.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba nziyo dzekwaziso.
- Vadzidzi vanodoma mazita evanhu vakuru avanoziva.
- Murairidzi anotsanangura kuti vanhu vakuru vose vanofanira kumhoreswa zvine rukudzo.
- Vadzidzi vanoita kamutambo vachiratidza makwazisiro anerukudzo vakaita sasekuru, gogo, amai, baba, tete, babamukuru, babamudiki, amainini, murairidzi kana vamwe vose vanhu vakuru vavanoziva.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo sevakaitwa pane wakapihwa.

# Kutaura zvakanaka

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kukumbira zvine rukudzo.
b. kukara mufananidzo wakapihwa mubhuku.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 29**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevadzidzi.
- Zvipfeko zvechikoro (mayunifomu).

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anobatsira vadzidzi kuimba kambo kanoti "mwana akanaka anoteerera".
- Vadzidzi vanotaura vanhu vanofanira kukudza.
- Vadzidzi vanotaura vanhu vavanokudza.
- Murairidzi anotsanangura kukumbira uye kutaura zvine rukudzo kuvakuru.
- Murairidzi anotaura kuti mashoko ekutuka kana kusora vamwe haadiwe.
- Vadzidzi vanotaura zvavari kuona pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoratidza kukumbira zvine rukudzo uye kutaura zvine rukudzo nomurairidzi wavo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yakapihwa.

## Wirirano yezita nechiito

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutsanangura mufananidzo vachishandisa mutsara wakazara uye une wirirano yezita nechiito.
b kukara mufananidzo wavanofarira.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 30**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mitsvairo, mabhuku, zvidhori, mvura muzvigubhu uye zvinyoreso zvine mavara akasiyana.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navana vanoimba rwiyo 'dudu muduri'.
- Murairidzi anotsanangura kuti kana vanhu vachitaura vanofanira kushandisa mazwi anowirirana sokuti amai avo kwete amai uyo.
- Vadzidzi vanotaura mitsara yakasiyana-siyana vachitsanangura mifananidzo yakapihwa.
- Murairidzi anogadzirisa vadzidzi pavanenge vatadza.
- Vadzidzi vanotaura kuti mwana arikuitei, musikana arikuitei uye vana vari kuenda kupi.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wavanofarira.

## Mazwi anoshandiswa kubatanidza mazita / mitsara

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudavira mibvunzo inoenderana nemifananidzo yakapihwa.
b kutaura nyaya pamifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 31**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevanhu vari kurima, vari kudziya moto uye mifananidzo yemombe. Huni, zvirimwa uye mhuka.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba 'ndorima musana wondirwadza pakudya ndomera manhenga'.
- Murairidzi anotsanangura kuti mutauro wedu une mazwi anobatanidza mutsara sokuti amai nababa vanorima.
- Vadzidzi vanotaura mazita ezvinhu zviripo.
- Vadzidzi vanotaura nyaya/ ngano pamusoro pemifananidzo iripo.
- Vadzidzi vanodavira mibvunzo iri kubvunzwa nomurairidzi pamusoro pemifananidzo yakapihwa mubhuku romudzidzi.

# Kuverenga

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a. kuverenga manhamba kusvika pana tatu muChiShona.
b. kuverenga manhamba vachishandisa zvigunwe zvavo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 32**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Makadhi akanyorwa mapoka emanhamba kubva pana poshi kusvika pashanu.
- Zvekuverenga (makaunda)

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba 'madhadha 10 ari pamutsetse'.
- Murairidzi anotsanangurira vadzidzi kuti tinokwanisa kuverenga manhamba nechishona sokuti motsi, piri, tatu, ina, shanu.
- Vadzidzi vanoverenga zvigunwe vavo.
- Vadzidzi vanoverenga zvinhu zvirimumapoka / zvikwata zvakapihwa pamakadhi.
- Vadzidzi vanoimba nziyo vachiverenga manhamba.

# Mudzidzisi wangu

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura zita romurairidzi wavo.
b kutaura zvavanofarira pamusoro pemudzidzisi wavo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 33**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mufananidzo wemurairidzi wavo.
- Nhumbi dzakasiyanana siyana.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi nevadzidzi vanoimba 'dudu muduri' vachidoma mazita evarairidzi vepachikoro pavo.
- Vadzidzi vanotaura zita remurairidzi wavo.
- Vadzidzi vanotaura zvavanofarira pamudzidzisi wavo.
- Vadzidzi vanotaura kuti murairidzi wavo mukadzi here kana kuti murume.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wemudzidzisi.
- Vadzidzi vanoimba nziyo vachitamba nemurairidzi wavo.

Chikamu 3

# Maumbirwo emutauro

## Kudoma mazita ezvinhu zvekuchikoro

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunamira mufananidzo wechigaro kubva papeji yemifananidzo.
b kutaura zvinhu zvitatu zvinoshandiswa kuchikoro.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 34**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mabhuku, zvinyoreso matafura, mabhegi echikoro, mayunifomu uye zvigaro.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba rwiyo 'dudu muduri' vachidoma mazita ezvinhu zvavanoshandisa kuchikoro.
- Murairidzi anotsanangura kuti vana vachadzidza pamusoro pezvinhu zvavanoshandisa kuchikoro.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zvavanoshandisa kuchikoro.
- Vadzidzi vanotaura kuti zvinhu zvacho zvanoshandiswei uye zvinoshanda sei.
- Vadzidzi vanotambisa zvinhu zviripo vachiita kamutambo vamwe vari vadzidzi vamwe vari vadzidzisi.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wechigaro kubva papeji yemifananidzo.
- Vadzidzi vanoisa ruvara pamifananidzo.

## Kusiyana kwemifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura nokunongedza chinhu chihombe pane zvakapihwa.
b kuisa ruvara pamuti nekapu hombe.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 35**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Makapu madiki nemahombe, miti mihombe nemidiki, mabhuku mahombe nemadiki, zvinyoreso zvihombe nezvidiki, zvigaro zvihombe nezvidiki, zvidhori zvihombe nezvidiki.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachidoma zvinhu zvakasiyana siyana.
- Murairidzi anotsanangura kuti zvinhu zvose zvinosiyana makuriro kune zvihombe nezvidiki.
- Vadzidzi vanotaura mazita ezvinhu zviripo.
- Vadzidzi vanoisa zvinhu muzvikwata zvichienderana nehukuru.
- Vadzidzi vanodoma mazita ezvinhu zviri pamufananidzo.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pezvinhu zviri pamifananidzo kuti zvakasiyana sei.
- Vadzidzi vanokara zvinhu zvihombe chete.

## Kusiyana kwemifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunamira mufananidzo wemuti nemaruva.
b kara michero chete pamifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 36**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Michero, mifananidzo yemiti, maruva, mhuka.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza pachidzidzo chakapfuura.
- Murairidzi anobatsira vadzidzi kuti vataure mazita emifananidzo iripo.
- Vadzidzi vanodoma mazita ezvinhu zvavari kuona pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wemuti uye maruva.
- Vadzidzi vanotaura mashandisirwo anoita zvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoisa ruvara pamichero chete.

# Kutsanangura kusiyana kwemifananidzo

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

- kutaura zvakasiyana pamifananidzo.
- kukara chidikisa pamutsara wekutanga.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 37**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Makadhi ane mifananidzo yemhuka dzakasiyana pahukuru. zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi nemurairidzi vanoimba rwiyo rwemhuka.
- Murairidzi anotsanangurira vadzidzi kuti mhuka dziniwanikwa nmumazera akasiyana siyana sokuti chidikisa, chidiki uye chihombe.
- Vadzidzi vanotaura mhuka dzavanoziva.
- Vadzidzi vanoronga makadhi emhuka chienda nehukuru hwemhuka.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pemhuka dziri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura zvakasiyana pamhuka.
- Vadzidzi vanokara chidikisa pamutsara wekutanga, chiri pakati pamutsara wechipiri uye chihombesa pamutsara wetatu.

## Kutsanangura kusiyana kwemifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma chakasiyana nezvimwe muboka roga roga.
b. kukara chakasiyana nezvimwe muboka roga roga.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 38**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Makadhi anemapoka ezvinhu.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba rwiyo vachitamba.
- Murairidzi anotsanangura kusiyana kwezvinhu zviri mumapoka (zambiringa munyemba).
- Vadzidzi vanotaura mazita ezvinhu zvirimuboka rimwe nerimwe votsanangura kuti chakasiyana nezvimwe ndechipi.
- Vadzidzi vanokara chakasiyana nezvimwe muboka roga roga.

## Kutsanangura kusiyana kwemifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura mazita ezvinhu zvishanu zviri pamifananidzo.
b. kukara chidikisa pamutsara woga woga.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 39**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mapikicha ane hukuru hwakasiyana emakeke, ranjisi, hove, hohwa, makotapeya uye mabhanana. Zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anobatsirana nevadzidzi kutaura zvavakadzidza pamusoro pehukuru hwezvinhu.
- Vadzidzi vanotaura mazita ezvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura hukuru hwezvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pekusiyana kwezvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara chidikisa pamutsara woga woga.

# Chinhu chiri pai/papi?

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a kuisa bhora pasi pechigaro.
b kuisa bhuku pamusoro petafura.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 40**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mabhuku, zvidhori, motokari dzokutambisa, bhora, tafura, chigaro, zvinyoreso, ndiro uye zvigubhu.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba rwiyo vachitungamirirwa nomurairidzi.
- Murairidzi anotsanangura zvimbo dzinoiswa zvinhu sokuti pamusoro/ pasi.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zviripo.
- Murairidzi anoratidza vadzidzi kuisa zvinhu pasi pe tafura kana chigaro.
- Vadzidzi vanoisa zvinhu pasi petafura kana chigro.
- Murairidzi anoratidza vadzidzi kuisa zvinhu pamusoro petafura kana chigaro.
- Vadzidzi vanoisa zvinhu pamusoro petafura kana chigaro.
- Vadzidzi vanotsanangura nzvimbo dzakaiswa zvinhu pamifananidzo yakapihwa mubhuku.

## Tsanangura mifananidzo

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura mazita emhuka shanu pane dzairi pamifananidzo.
b. kunanganidza amai nevana wavo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 41**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yemombe, mhuru, huku, nhiyo, mbudzi, mbudzana uyi kiti.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba rwiyo runotaura mazita emhuka.
- Murairidzi anotsanangura kuti mhuka dzinoita vana uye vana vemhuka vane mazita akasiyana namai vacho sokuti mwana wemombe anonzi mhuru.
- Vadzidzi vanotaura mhuka dzavanoziva nemazita evana vadzo.
- Murairidzi anobatsira vadzidzi kutaura mazita evana vemhuka.
- Vadzidzi vanodoma mazita emhuka dziri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonanganidza mhuka nevana vadzo  vachishandisa chinyoreso kuisa mitsara inobatanidza zvakafanana.

## Mazita emhuka dzepamba

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura mazita emhuka shanu dzinogara pamba.
b. kukara mhuka imwe chete inogara pamusha inodyiwa nevanhu.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 42**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yemhuka dzepamba, zvinyoreso.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba dudu muduri vachidoma mazita emhuka dzepamba.
- Mudzidzisi anotsanangura kuti pamhuka dzinogara pamba ane dzinodyiwa nevanhu nedzimwe dzisingadyiwe nevanhu.
- Vadzidzi vanodoma mhuka dzavanoziva dzinogara pamusha votaura kuti dzinodyiwa here kana kuti kwete.
- Vadzidzi vanodoma mazita emhuka dziri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura mazita emhuka dzinodyiwa.
- Vadzidzi vanodoma mazita emhuka dzisingadyiwe.
- Vadzidzi vanokara mhuka imwe chete inogara pamba inodyiwa.

# Midziyo yepamba

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

a kukwanisa kudoma midziyo mitatu inowanikwa pamba.
b kutaura panoshandiswa midziyo yavanenge vadoma.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD bhuku rekunyorera **peji 43**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Ndiro, firiji, zvigaro, kapu, poto, mapfihwa, chitofu, mubhedha uye dzangaradzimu.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza pachidzidzo chakapfuura.
- Murairidzi anotsanangura kuti pamusha panowanikwa midziyo yakasiyana-siyana uye inoshanda zvakasiyana.
- Vadzidzi vanotaura midziyo yavanoziva inowanikwa pamusha.
- Vadzidzi vanodoma midziyo iri pamifananidzo uye kutaura kuti inoshandiswa sei.
- Vadzidzi vanoisa muzvikwata midziyo inoshanda zvakafanana sokuti mapfihwa, chitofu chemagetsi nechitofu chegasi.
- Vadzidzi vanotambisa midziyo yepamba inowanikwa mukirasi mavo.

## Midziyo yekuchikoro

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kudoma zvinhu zvitatu zvavanoshandisa pachikoro pavo.
b. kutaura uye kuratidza mashandisirwo emidziyo mitatu.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 44**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvigaro, mataufa, bhora, zvinyoreso, mabhuku uye zvokutambisa.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza muchidzidzo chapfuura.
- Vadzidzi vanotaura zita rechikoro chavo uye murairidzi wavo.
- Murairidzi anotsanangura kuti varikudzidzidza pamusoro pemidziyo inowanikwa kuchikoro yakaita sezvinyoreso.
- Vadzidzi vanodoma midziyo inowanikwa pachikoro.
- Vadzidzi vanotaura mazita emidziyo iri pamifananidzo uye kuti inoshandiswa sei.
- Vadzidzi muzvikwata vanoisa midziyo mumapoka sokuti zvinyoreso zvose pazvo zvega kana kuti mabhuku ose pawo oga.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzavakadzidza kuchikoro.

## Mazwi ekuita

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kuita zvavanenge vanzi nomurairidzi vaite.
b. kutsanangura mifananidzo mitatu yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 45**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevana vakarara, vaikudya, varikutamba, varikuchema, vakagara uye varikunyora.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi nevadzidzi vanoimba nziyo dzine zviitwa.
- Vadzidzi vanotaura zvavanga vachiita vachiimba.
- Murairidzi anotsanangura kuti kune mazwi anoreva batsiridzo yemudzidzisi sokuti gara, simuka kana nyora.
- Vadzidzi vanodoma mazwi vobva vaita zvavanenge vataura.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotevedzera zvakaratidzwa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo waunofarira.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzekudya.

Chikamu

4

# Nhau, nyaya nengano

## Nyaya yekubatsirana

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura nyaya kubva pamifananidzo yakapihwa.
b. kukara mifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 46**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevanhu vari kuda rubatsiro nevari kubatsira.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi vanoimba nziyo nevadzidzi.
- Vadzidzi vanoimba vachitamba.
- Murairidzi anotsanangura kuti vanhu vanoda rubatsiro panguva dzakasiyana siyana uye tinofanira kubatsirawo nepatinokwanisa sokuti mumwe haana chinyoreso iwe une zvinyoreso zvakawanda unogona kumubatsirawo.
- Vadzidzi vanotaura pavanoona panoda kubatsirwa nemabatsiriro avangaite vamwe.
- Vadzidzi vanotaura nyaya kubva pamifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanokururkura zvakanakira kubatsira vamwe.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakapihwa.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura pamusoro pekubatsirana.

## Taura zviri kuitika

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura mabasa matatu epamusha.
b kuratidzira kubika sadza.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 47**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Ndiro, mutsvairo, mapoto, migoti, mvura, dhishi.
- Mifananidzo yevanhu varikuita mabasa epamusha.
- Zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anobatsira vadzidzi kuimba nziyo dzinotaura mabasa epamusha.
- Murairidzi anotsanangura kuti nhasi tichadzidza pamusoro pemabasa atinoita pamusha akita sekuwacha nhumbi.
- Vadzidzi vanotaura mabasa avanoita pamusha.
- Vadzidzi vanotaura mabasa arikuitwa pamifananidzo.
- Vadzidzi vanoratidza mabasa vachishandisa zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza zvakapihwa.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo iri mubhuku.

## Ngano

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kutaura ngano dzatsuro nembwa kubva pamifananidzo yakaphwa.
- kukara mifananidzo yakapihwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 48**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yembwa, miti, tsuro kana dzimwe muka dzemusango.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba ‘dzamutsana muchuru tsuro nembwa’.
- Murairidzi anobvunza vadzidzi mhuka dzesango dzavanoziva.
- Vadzidzi vanotaura ngano pamusoro pemhuka dzesango.
- Vadzidzi vanotaura ngano vachishandisa mifananidzo yakapihwa mubhuku.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pemufananidzo wakapihwa.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakapihwa.

# Ngano

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura ngano dza tsuro nagudo kubva pamifananidzo yakaphwa.
b. kukara mifananidzo yakapihwa yatsuro nagudo.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 49**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yegudo, tsuro kana dzimwe muka dzemusango.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo vachitaura mhuka dzesango.
- Murairidzi anobvunza vadzidzi mhuka dzesango dzavanoziva.
- Vadzidzi vanotaura ngano pamusoro patsuro nagudo.
- Vadzidzi vanotaura ngano vachishandisa mifananidzo yakapihwa mubhuku yatsuro nagudo.
- Vadzidzi vanokurukura pamusoro pemufananidzo wakapihwa watsuro nagudo.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakapihwa.

## Nyaya

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura nyaya yemunhu arikuraura hove.
b. vadzidzi vanokara mifananidzo sezvakaitwa.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 50**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Hove, mifananidzo yehove, chirauro uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba nziyo navadzidzi.
- Vadzidzi vanoimba achitamba nekuombera.
- Murairidzi anobvunza vadzidzi kuti hove dzinowakwa kupi.
- Vadzidzi vanodaira mibvunzo pamusoro pemifananidzo iri mubhuku.
- Vadzidzi vanotaura nyaya pamusoro pekuraura.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo sezvakaitwa pamifananidzo uri padenga.

## Nyaya

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a. kutaura nyaya vachishandisa mitsara yakazara.
b. kutsanangura mutambo wenhabvu.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 51**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mabhora emitambo yakasiyana-siyana.
- Shangu dzekutambisa bhora.
- Nhumbi dzekutambisa bhora.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba rwiyo rwunotaura nezvekutamba nhabvu.
- Murairidzi anotaura kuti nhasi vachadzidza pamusoro pemitambo inotambwa vanhu vachishandisa mabhora.
- Vadzidzi vanotaura mitambo yavanoziva votsanangura kuti inotambwa sei.
- Vadzidzi vanotaura kuti mitambo yavadoma inotambwa nevakomana here kana vasikana.
- Vadzidzi vanoratidza matambirwo anoitwa mitambo inemabhora avainawo vachibatsirwa nemurairidzi.
- Vadzidzi vanotaura nyaya pamusoro pemifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanotaura ruvara rwehembe dzakapfekwa nevatambi venhabvu.

# Ruvara

## Zvinangwa zvechikamu chino

### Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:

- kutaura ruvara rwekiti mbiri.
- kunanganidza kiti dzine ruvara rwakafanana.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 52**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yekiti ineruvara rwakasiyana-siyana.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi anoimba nziyo dzinotaura pamusoro pemhuka.
- Vadzidzi vanotaura mhuka dzepamusha dzavanoziva.
- Murairidzi anoudza vadzidzi kuti vachadzidza pamusoro pekiti.
- Vadzidzi vanotaura zvakaita kiti, ruvara rwekiti uye ruzha runoita ruzha.
- Vadzidzi vanonongedzera kiti nhema.
- Vadzidzi vanonongedzera kiti tsvuku.
- Vadzidzi vanonongodzera kiti ine ruvara ruchena.
- Vadzidzi vanonanganisa kiti dzine ruvara rumwe chete vachishandisa mutsara.

Chikamu

# 5 Tsika nemagariro

## Zvokudya (zvirimwa zvemuZimbabwe)

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kunongedza chibage nenzungu.
- kunamira mufananidzo wembambaira kubva kupeji yemifananidzo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 53**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Magaka eminzwa, nyimo, nzungu, chibage, mhunga, zviyo, derere, manhanga, muboora, derere kana mbambaira.
- Zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba 'dudu muduri' vachitaura zvirimwa zvemuZimbabwe.
- Vadzidzi vanotaura zvokudya zvavanofarira.
- Murairidzi anotsanangura kuti zvokudya zvinonzi zvechivanhu/zvechinyakare ndizvo zvedu zvairimwa kubva makarare kare zvakaita sezviyo kana mhunga.
- Vadzidzi vanotaura zvokudya zvechinyakare.
- Vadzidzi vanodoma mazita ezvokudya zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wembambaira kubva kupeji yemifananidzo.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo yemanhanga nemagaka chete.

# Zvokudya (Michero zvemuZimbabwe)

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunongedza mawuyu netsubvu.
b kutsanangura kuti masawu anodyiwa sei.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 54**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Masawu, matohwe, mawuyu, matufu, matamba, nhunguru, nhengeni, tsvanzva uye tsubvu.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba 'dudu muduri' vachitaura michero yemuZimbabwe.
- Vadzidzi vanotaura michero yavanofarira.
- Murairidzi anotsanangura kuti michero yemusango michero inowanikwa musango uye hairimwe inomera yega zvakaita senhunguru.
- Vadzidzi vanotaura michero yemusango yavanoziva.
- Vadzidzi vanodoma mazita emichero iri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotsanangura kuti kana uchidya michero yakaita semasawu kana mawuyu unodya sei.

# Michero yemusango

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kunongedza matamba.
- kutsanangura kuti masawu anodyiwa sei.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 55**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Masawu, matohwe,  mawuyu, matufu, matamba, nhunguru, nhengeni, tsvanzva uye tsubvu.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba ‘dudu muduri’ vachitaura michero yemusango.
- Vadzidzi vanotaura michero yavanofarira yemusango.
- Vadzidzi vanotaura michero yemusango yavakambodzidza nezvayo.
- Vadzidzi vanodoma mazita emichero iripamifananidzo.
- Vadzidzi vanotsanangura kuti kana uchidya michero yakaita sematohwe nematamba unodya sei.
- Vadzidzi vanokara michero yemusango.
- Vadzidzi vanoimba nziyo pamusoro pemichero.

## Midziyo yekare

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kunongedza duri nemutswi.
- kutsanangura kuti rusero runoshandiswa sei.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 56**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Guyo, mutswi, duri, rusero, tswanda, hari, mugoti kana mugwaku.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navana vanoimba rwiyo ‘dudu muduri’ vachitaura midziyo yekare.
- Murairidzi anotsanangura kuti kare kare vanhu vaitswa chibage kuti vagadzire hupfu vaisaenda kuchigayo.
- Murairidzi anoratidza vadzidzi duri, mutswi uye rusero.
- Vadzidzi vanotaura mazita eduri, mutswi nerusero.
- Vadzidzi vanoratidza kuti duri nemutswi zvinoshanda sei.
- Vadzidzi vanotaridza kuti rusero runoshanda sei.
- Vadzidzi vanokara midziyo yakapihwa.

## Midziyo yekare

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunongedza duri nemutswi.
b kutsanangura kuti rusero runoshandiswa sei.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 57**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Guyo, mutswi, duri, rusero, tswanda, hari, mugoti kana mugwaku.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navana vanoimba rwiyo 'dudu muduri' vachitaura midziyo yekare.
- Murairidzi anotsanangura kuti kare kare vanhu vaibikira muhari kwaiva kusina mapoto
- Murairidzi anoratidza vadzidzi bhasikiti nehari.
- Vadzidzi vanotaura mazita ebhasikiti uye hari.
- Vadzidzi vanoratidza kuti hari inoshanda sei uye inobikirwei kana kuisirwei.
- Vadzidzi vanotaridza kuti bhasikiti rinoshanda sei uye munoisirwei.
- Vadzidzi vanokara hari.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo webhasikiti.

## Midziyo yekare

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura kuti mugwaku unoshandiswei.
b kubatanidza madodzi ari pamugwaku.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera peji 58.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mugoti, musika, uye mugwaku.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanotaura zvavakadzidza muchidzidzo chakapfuura.
- Murairidzi anotsanangura kuti pane midziyo yatinoshandisa kupakurisa chete kwete kubikisa yakaita semugwaku.
- Vadzidzi vanotaura pamusoro pemidziyo yavanoshandisa pakubika.
- Vadzidzi vanonongedza mugwaku pazvinhu zvakapihwa.
- Vadzidzi vanotaura zvinoshandiswa mugwaku.
- Vadzidzi vanobatanidza madodzi akapihwa.
- Vadzidzi vanokara mifananidzo wemugwaku.

## Midziyo yekare

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kunongedza duri.
b kukara duri sezvarakaita.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 59**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Duri, mutswi, ngoma, hari, uye mugomo.
- Ivhu rekuumbisa.
- Zvinyoreso

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo dzine zviitwa.
- Vadzidzi vanotaura midziyo yekare yavanoziva.
- Mudzidzisi anobvunza vadzidzi zvinoshandiswa duri nemutswi.
- Vadzidzi vanoumba duri nemutswi.
- Vadzidzi vanoratidza zvavaumba.
- Vadzidzi vanokara duri nemutswi zviri pamufananidzo mubhuku seyakapihwa.

## Chii ichi?

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kudoma mazita ezvinhu zitatu zviri pamufananidzo.
- kunamira mufananidzo wechikochikari.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 60**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mugoti, hari, moto, huni, huku, ndiro yemuti, chikochikari uye zvinyoreso.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba rwiyo rwune batsiridzo yemudzidzisi nevana.
- Vadzidzi vanotaura zvinhu zvavari kuona mukirasi.
- Vadzidzi vanodoma zvinhu zviri pamifananidzo.
- Vadzidzi vanotaura kuti zvinhu zvose zvinoshandei.
- Vadzidzi vanonamira mufananidzo wechikochikari.
- Vadzidzi vanokara mudziyo wekubikira.

## Kupatsanura mazita evanhu

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kutaura mazita evanhu vatatu mumhuri mavo.
- kutaura mazita amai nababa vavo.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 61**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.
- Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza.
- Mufananidzo wemhuri.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Murairidzi navadzidzi vanoimba 'vashanu mumhuri'.
- Murairidzi notsanangura kuti mhuri dzinogara dzakasiyana dzimwe dzina amai nababa nevana, dzimwe mhuri hakuna baba dzimwe mhuri hakuna amai, dzimwe mhuri hadzina mai nababa asi kuna ambuya kana sekuru kana tete kana babamukuru.
- Vadzidzi vanotaura pamusoro pavanhu vemumhuri mavo.
- Vadzidzi vanotaura kuti vanogara nani.
- Vadzidzi vanotaura mabasa anoitwa nemumwe nemumwe ari mumhuri mavo.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzinotaura nezvemhuri.

# Chiso changu

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kuisa nhengo dzekumeso dzose.
b kutaura mabasa emaziso uye mhino.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 62**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo wechiso chine maziso, mhuno, nzeve uye muromo. Mifananidzo yemaziso, muromo, nzeve uye mhino.

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba rwiyo 'bata musoro uyu mumwe wacho hapana'.
- Murairidzi anobvunza vadzidzi mitezo inowanikwa kumeso.
- Vadzidzi vanotaura mitezo inowanikwa kumeso uye zvainoshanda.
- Vadzidzi vanogadzira chino vachishandisa mifananidzo yenhengo dzekumeso dzavainadzo.
- Vadzidzi vanodhirowa mitezo yekumeso pachiso chakaiswa mubhuku.

## Zviitiko zvinofadza

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kudoma zviitiko zviviri zvinofadza.
b kukara mufananidzo wevana vari pamafaro.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 63**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

### Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevana varipamafaro.
- Zvokudya zvepamafaro.
- Zvidyiwa kana mabharuma.

### Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi navadzidzi vanoimba nziyo dzemafaro.
- Mudzidzisi anoudza vadzidzi kuti vanhu vanoita makungano emafaro akasiyana-siyana akaita semuchato.
- Vadzidzi vanodoma nzvimbo/makungano anoitwa mafaro.
- Vadzidzi vanotaura zviitiko zvinofadza uye zvavanoita uye zvavanodya pazviitiko zvacho.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo wakapihwa sezvakaitwa pamusoro.

## Zviitiko zvinofadza

### Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kutaura nyaya pamufananidzo yakapihwa.
- kuimba nziyo dzinoimbwa pamafaro.

### Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 64**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Zvokutambisa
- Zviridzwa
- Nharembozha

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Vadzidzi vanoimba nziyo dzakasiyana dzemafaro.
- Vadzidzi vanotaura nguva dzemafaro uye nzvimbo dzemafaro.
- Murairidzi navadzidzi vanotaura nguva dzinofadza.
- Vadzidzi vanotaura zviitiko zvinofadza zvakaita semabhabvadhe.
- Vadzidzi vanotaura nyaya vachishandisa mifananidzo yakapihwa.
- Vadzidzi vanoimba nziyo dzemafaro vachitamba.

# Zviitiko zvisingafadzi

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

a kutaura zvinoitika kana munhu adonha mumuti.
b kutaura zviitiko zvitatu zvisingafadzi.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 65**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevanhu varikuchema, yevanhu vaikudonha kana yevanhu varikurohwa.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba rwiyo navadzidzi.
- Vadzidzi vanotaura panoimbwa nziyo dzinosiririsa.
- Murairidzi anoudza vadzidzi kuti hadzisi dzose nguva ndinofara vanhu sokuti munhu akakuvara anosuwa.
- Vadzidzi vanodoma zviitiko zvisingafadzi.
- Vadzidzi vanotsanangura nguva dzisingafadzi.
- Vadzidzi vanotaura zviripamufananidzo votaura kuti zvinofadza here.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo.

# Zviitiko zvisingafadzi

## Zvinangwa zvechikamu chino

**Panopera chidzidzo ichi, vadzidzi vanofanira kunge vava kukwanisa:**

- kutaura zvinoitika kana munhu achirwara.
- kutaura zvirwere zvanoziva.

## Dura

- PlusOne Rodza Pfungwa ChiShona ECD A bhuku rekunyorera **peji 66**.
- Bumbiro idzva retsika nemagariro evanhu revana.

## Zvombo zvingashandiswe pakudzidzisa nekudzidza

- Mifananidzo yevanhu varikuchema, yevanhu vari muchipatara kana yevanhu vari kurohwa.
- Zvinyoreso

## Batsiridzo yemudzidzisi

- Mudzidzisi anoimba rwiyo navadzidzi.
- Vadzidzi vanotaura panoimbwa nziyo dzinosiririsa pakaita separufu.
- Murairidzi anoudza vadzidzi kuti hadzisi dzose nguva ndinofara vanhu sokuti munhu akarwara hazvifadzi.
- Vadzidzi vanodoma zviitiko zvisingafadzi uye zvavanoita kana vasangana nezvinhu zvisingafadzi.
- Vadzidzi vanotsanangura nguva dzisingafadzi dzakaita sehurwere kana rufu.
- Vadzidzi vanotaura zviri pamufananidzo zvasekuru varikufamba vakabatiranwa muchipatara votaura kuti zvinofadza here.
- Vadzidzi vanokara mufananidzo sezvakaita wakapihwa.